FEBLÈS KWONIK KÈ

ENFÒMASYON POU PASYAN

Pwa

Li enpòtan pou w toujou tcheke pwa w pou ka kontwole feblès kwonik kè w. Se pou toulè maten ou pran pwa w anvan w manje oswa anvan w bwè nenpòt kisa. Se pou pran pwa w menm lè, ak menm rad sou ou epi sou menm balans lan.
Epi, chak jou, make pwa w nan yon kaye. Epi pa bliye pote kaye a ak ou pwochen fwa w al nan kabinè doktè.

PWA W JODI A SE : _____

REJIM ALIMANTÈ

Kò w kenbe dlo lè w pran twòp sèl (sodyòm). Twòp sèl fè kè w travay pi di e l ap fè pye w, dwèt ou ak janm ou anfle e l ap fè w fè plis efò pou w respire (souf kout).

REJIM ALIMANTÈ : _____
RESTRIKSYON SOU LIKID : _____

AKTIVITE

Li posib pou aktivite fizik ba w pwoblèm pou fè yo. Pale ak doktè k ap suiv ou pou w pazapa ogmante aktivite fizik san w pa bliye pran ti peryòd repo.

____ Restriksyon
____ San restriksyon

KONSILTASYON SIPLEMANTÈ

Pran yon randevou ak doktè k ap suiv ou a nan lespas 10 jou apre lopital la egzeyate w.

MEDIKAMAN

Li enpòtan pou w pran tout medikaman ou yo infwa ou rantre lakay ou.

____ Ou resevwa enstriksyon sou medikaman yo
____ Preskripsyon
____ Lis medikaman / enfòmasyon sou medikaman enprime sou papye

Fòk ou rele doktè a si w gen okenn nan senptòm sa yo :

Si w pran 3 liv nan yon grenn jou
Mwens tolerans pou egzèsis
Batman kè rapid
Po ki frèt e k ap sye
Tous chèch oubyen ki fè kim
Vant vin pi gwo
Pa pèdi pwa (likid) kwak ou pran pi plis grenn pou pèt likid
Nenpòt tous oubyen souf kout ki kòmanse vit lannuit oubyen bezwen dòmi ak zòrye anba do w / chita

Gen pi plis fatig
Pi plis souf kout
Pi plis edèm (anfle)
Ajitasyon / konfizyon
Pèt apeti

ALE NAN DEPATMAN SWEN IJAN SI

W gen doulè nan pwatrin oubyen pwatrin ou sere
W gen anpil pwoblèm souf kout
W paka jwenn doktè k ap suiv ou, epi senptòm ou yo kontinye
Senptòm feblès kwonik kè w kontinye epi/oubyen pi mal